

RINGKESAN

Amarina At'haya, 2020. Analisis Anatomi Tutuwuhan Babadotan (*Ageratum conyzoides* L) Dumasar kana Beda Luhur Tempat. Diasuh ku Dr. Cartonono, M.Pd., M.T. Drs. Suhara, M.Pd.

*Dumasar kana penelitian anu judulna “Analisis Anatomi Tutuwuhan Babadotan (*Ageratum conyzoides* L) Dumasar kana Beda Luhur Tempat”. Tutuwuhan babadotan mangrupikeun tutuwuhan dikotil anu hirupna kosmopolitan, tutuwuhan babadotan tiasa hirup di daérah anu kondisi lingkunganna benten salah sahijina tiasa hirup dina variasi ketinggian, sahingga babadotan nyasuaikeun diri utamana dina anatomi batang. Penelitian ieu dilakukeun di sababaraha tempat anu bénten luhurna, nyaéta Désa Sawahkulon, Kacamatan Pasawahan, Purwakarta (200 mdpl), Desa Taringgul Tengah, Wanayasa, Purwakarta (400 mdpl), Desa Rancamanyar, Kacamatan Baleendah, Bandung (600 mdpl), Kelurahan Dago, Kacamatan Coblong, Kota Bandung (800 mdpl), sareng Kelurahan Ciumbuleuit, Kacamatan Cidadap, Kota Bandung (1000 mdpl). Panalitian ieu tujuanna pikeun nangtukeun parobahan dina ukuran sel anatomi batang babadotan dina béda luhurna tempat, sareng ngabandingkeunana. Panalitian ieu ngagunakeun padika déskriptif sareng téhnik penelitian purposive sampling. Parameter anu diukur dina penelitian ieu nyaeta panjang sareng lebar sél dina unggal jaringan anu nyusun tangkal babadotan sapertos epidermis, korteks, floem, xilem, sareng empulur. Hasil panelitian nenjokeun panjang sareng lebar sél dina jaringan épidermis, korteks, floem, xilem sareng empulur nyaeta nunjukeun kacenderungan ukuran sel ngagedean dina naiknya ketinggian tempat. Beda nyata ogé dipidangkeun ku hasil uji analisis statistik, data nenjokeun luhurna tempat pangaruh kana ukuran panjang sareng lebar sel jaringan anatomi tangkal tutuwuhan babadotan.*

Konci: Anatomi Tangkal, Tutuwuhan Babadotan (*Ageratum conyzoides* L), Luhurna Tempat